

Règleman ak Plan San Diskriminasyon Tit VI pou Komin Orange



Avril 2022

Tab Dè Matyè

Règleman San Diskriminasyon Tit VI ak Pwosedè pou Pote Plent	3
Deklarasyon sou Règleman.....	3
Konfidans San Diskriminasyon	Error! Bookmark not defined.
Pwosedè pou Pote Plent.....	3
Deklarasyon ADA/504.....	5
Aksesibilite	5
Demann pou Akomodasyon Rezonab	5
Plan pou Moun ki pa Pale Anglè Byen	7
Entwodiksyon ak Kontèks.....	7
Objektif	Error! Bookmark not defined.
Definisyon	8
Anplway ki Deziyen Kòm Kòdonatè.....	9
Pwosedè pou Pote Plent.....	10
Pati A: Oto-Evalyasyon.....	11
Kantite/Pwopòsyon Moun LEP ki jwenn sèvis	11
Frekans Kontak ak Moun LEP yo.....	13
Nati oswa Enpòtans Pwogram nan	18
Resous ki Disponib.....	19
Pati B: Plan Èd nan Lang nan Komin Orange.....	22
Angajman Komin Orange Pran	22
Entèpretasyon Oral	22
Tradiksyon Alekri.....	23
Avi pou Moun LEP yo Konsènan Sèvis Lang ki Disponib yo	24
Sèvis Lang nan Komin Orange.....	26
Fòmasyon Anplwaye	Error! Bookmark not defined.
Enplikasyon Piblik la	29
Koleksyon Done yo	30
Jistis Anviwonmantal.....	31
Konfòmite Pwogram nan	32
Kad Jistis Anviwonmantal	32
Revni ki ba	33
Moun Nwa.....	34

Moun ki pa Pale Anglè Byen	34
Moun Ki Andikape	34
Granmoun Aje	34
Kay ki Genyen Twòp Moun.....	35
Anplasman Zòn Priyoritè Ekite Komin nan	35

Règleman San Diskriminasyon Tit VI ak Pwosedè pou Pote Plent

Deklarasyon sou Règleman

Komin Orange Florid ("Minisipalite a") bay valè a divèsite epi li akeyi kontribisyon tout sila yo ki enterese, kèlkeswa idantite kiltirèl yo, orijin yo oubyen nivo revni yo. Anplis, Minisipalite a kwè ke meyè politik piblik ak sèvis gouvènmantral yo se rezilta yon egzamen atantif de bezwen tout kominote li yo epi lè kominote yo enplike nan pwosesis pran desizyon nan politik piblik ak sèvis gouvènmantral yo. Kidonk, Minisipalite a pa tolere diskriminasyon nan ankenn nan pwogram li yo, sèvis oubyen aktivite li yo.

Daprè atik VI nan Lwa sou Dwa Sivil 1964 la, 42 U.S.C. § 2000d et seq. (Tit VI, ak tout lòt lwa ak règleman ki lye ak li) lòt otorite federal ak otorite leta yo, ak Komin Orange, Règleman Florida yo ak Pwosedè Operasyon Standa yo, Minisipalite a pap anpeche patisipasyon oubyen refize benefis, oubyen diskriminen ankenn moun akòz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj, domaj, relijyon, revni, oubyen stati famiyal.

Konfidans San Diskriminasyon

Kòm yon patisipan nan Pwogram Ajans Lokal (Local Agency Program = LAP) Depatman Transpò Florida (Florida Department of Transportation's=FDOT), Komin Orange dwe sètifye pou FDOT ak Administrasyon Federal Otowout (Federal Highway Administration =FHWA), ke pwogram li yo, sèvis ak aktivite yo fèt nan yon manyè ki san diskriminasyon. Sètifikasyon sa a obligatwa chak twazan oubyen an fonksyon de chanjman lidè.

Yo itilize tèm " Konfidans" pou sètifikasyon sa yo epi yo sèvi pou de objektif enpòtan. An premye, yo dokimante angajman Minisipalite a nan zafè diskriminasyon ak sèvis ekitab nan kominote li yo. An dezyèm, yo sèvi kòm yon akò jiridik ki ka egzekite e akòz de li Minisipalite a kapab pote responsabilite si li pa respekte. Sila yo ki ta swete wè Asirans San Diskriminasyon Komin Orange an ka vizite sit entènèt Minisipalite a oubyen kontakte Kòdonatè San diskriminasyon/Tit VI ke Minisipalite a te deziyen an.

Pwosedè pou Pote Plent

Minisipalite a te etabli yon pwosedè konplèt pou diskriminasyon e[li lap poze aksyon rezonab e rapid pou envestige epi elimine diskriminasyon lè li jwenn li. Nenpòt moun ki kwè ke li te sibi diskriminasyon baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj, domaj, relijyon, revni, stati famiyal,

oubyen lòt rezon nan nenpòt pwogram Minisipalite a, sèvis, oubyen aktivite, kapab depoze yon plent bay Kòdonatè San Diskriminasyon /Tit VI Minisipalite a, jis vizite www.orangecountyfl.net.

Konplent ekri a ta dwe genyen idantite moun kap konplenn nan; baz akizasyon an (sa vle di, si se ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj, domaj, relijyon, revni, stati famiyal, oubyen lòt rezon); ak yon deskripsyon akizasyon diskriminasyon an ak dat li fèt la. Si konplent lan paka fèt pa ekri, oubyen si moun kap konplenn nan gen Limitasyon nan Kapasite pou li pale Anglè, moun kap konplenn nan mèl rele 3-1-1 (407-836-3111) pou asistans.

Kòdonatè Tit VI/San diskriminasyon an ap reponn a konplent la nan 30 jou epi, si konplent lan lye dirèkteman a itilizasyon espas pyeton oubyen etablisman transpò yo, lap notifie FDOT selon Liv Pwogram Ajans Lokal FDOT a. Minisipalite a ap pran etap rapid e rezonab pou rezoud dosye a. Si Minisipalite a paka rezoud konplent la a yon nivo ki satisfè moun ki konplenn nan, Kòdonatè Tit VI/San Diskriminasyon an ap transfere konplent la, ansanm ak dosye dispozisyon li an, bay Biwo Distri 5 FDOT la, ak lòt ajans federal ak/oubyen ajans leta ki apwopriye pou kontinye pwosesis la. Anplis, Kòdonatè Tit VI/ San Diskriminasyon an dwe kenbe yon dosye pou chak konplent menm si konplent la te rezoud oubyen si li pat rezoud nan nivo Minisipalite a oubyen si li te transfere pou plis rezolisyon.

Kòdonatè Tit VI/ San Diskriminasyon an ap kominike ak Administratè Minisipalite a, jan sa nesèsè, men li pa oblije jwenn apwobasyon direksyon an oubyen lòt apwobasyon pou diskite pwoblèm diskriminasyon ak Administratè Minisipalite a. Si moun kap konplenn nan pa kapab oubyen pa vle soumèt yon konplent bay Minisipalite a, oubyen si moun kap konplenn nan pa satisfè de jan Minisipalite a jere rezolisyon yon konplent, konplent la ka soumèt dirèkteman bay FDOT pou yo travay sou li. FDOT sèvi kòm sant echanj enfòmasyon pou misyon Tit VI yo epi lap asime jiridiksyon konplent la oubyen lap transfere li bay otorite leta oubyen otorite federal ki apwopriye pou kontinye travay sou li.

Biwo Egalite Opòtinite Depatman Transpò Florida
ATTN: Travay sou Konplent Tit VI
605 Suwannee Street MS 65
Tallahassee, FL 32399

Minisipalite a va kopera ak tout investigasyon ki fèt pa egzanp, lap mete enfòmasyon disponib pou enspeksyon ak koperasyon ak vizit sit la ak entèvyou ak temwen yo.

Deklarasyon ADA/504

Seksyon 504 Lwa Reabilitasyon 1973 la (Seksyon 504) Lwa Ameriken ki gen Domaj 1990 yo (ADA =Americans with Disabilities Act), lwa ak règleman federal/leta ki lye ak yo entèdi diskriminasyon kont moun ki gen yon domaj. Anplis, lwa sa yo egzije pou genyen resipyan èd federal ak lòt antite nan gouvènman pou pran etap afimativ pou akomode moun ki gen domaj yo nan yon fason ki rezonab epi asire ke bezwen yo reprezante yon fason egal nan Pwogram Minisipalite a, sèvis ak aktivite yo.

Aksesibilite

Minisipalite a respekte Tit II ADA atravè enplemantasyon PPlan Tranzisyon ADA pou konstriksyon ak reparasyon wout sou kote, ranp twotwa, ak lòt etablisman nan dwa wout piblik yo. Anplis, Minisipalite a ap fè tout efò ki rezonab pou asire ke etablisman li yo, pwogram, sèvis ak aktivite li yo aksesib pou sila yo ki andikape. Minisipalite a ap fè tout efò ki rezonab tou pou asire ke komite konsèy li yo, aktivite enplikasyon piblik ak tout lòt pwogram, sèvis ak aktivite ki enkli reprezantasyon kominote andikape yo ak gwoup sèvis andikape yo.

Demann pou Akomodasyon Rezonab

Minisipalite a ankouraje piblik la pou desonse tout etablisman, pwogram, sèvis, oubyen aktivite ki parèt pa aksesib pou moun ki andikape yo. Minisipalite a ap bay akomodasyon ki rezonab a moun ki andikape ki swete patisipe nan evenman enplikasyon piblik oubyen ki bezwen asistans spesyal pou aksede a etablisman, pwogram, sèvis, oubyen aktivite yo. Paske pou bay akomodasyon ki rezonab sa ka mande èd ki soti lòt kote, òganizasyon, oubyen resous, Minisipalite a mande ke tout demand yo fèt omwen 7 jou avan lè yo bezwen akomodasyon an.

Kesyon, Enkyetid, kòmantè, oubyen demand akomodasyon yo ta dwe ale jwenn Kòdonatè ADA Komin Orange an:

Nicola Norton

Office of Disability Concerns/ADA

2100 E. Michigan Street, 2nd Floor

Orlando, FL 32806

OfficeOnDisability@ocfl.net

(407) 836-6568 oubyen rele nimewo 7-1-1 pou aksede a Sèvis Transmisyon

Florida

Imèl la ta dwe genyen idantite moun ka fè demand la ak yon deskripsyon kesyon, enkyetid, kòmantè, oubyen demand akomodasyon an. Si imèl la paka ale pa mwayen elektwonik, oubyen si moun kap fè demand la gen Limitasyon nan Kapasite pou pale Anglè e li bezwen sèvis entèpretasyon gratis, tanpri rele 3-1-1 (407-836-3111) pou asistans.

Plan Pou Moun ki Pa Pale Anglè Byen

Entwodiksyon ak Kontèks

Daprè done resansman Etazini an, pi fò rezidan Komin orange ki konn li, ekri, pale, epi konprann Anglè, men Anglè se pa lang prensipal kèk nan rezidan Komin Orange yo. Si rezidan sa yo gen limitasyon nan kapasite pou yo li, ekri, pale oubyen konprann Anglè, done Resansman an dekri yo kòm moun ki gen Limitasyon nan Konpetans pou Pale Anglè (Limited English Proficient =LEP). Zafè lang kapab reprezante yon baryè pou moun ki gen limitasyon nan konpetans pou pale anglè a kap anpeche li gen aksè a benefis oubyen sèvis enpòtan, konprann epi egzèsè dwa ki enpòtan, respekte règleman aplikab ak responsabilite yo, oubyen konprann lòt enfòmasyon ke pwogram ak sèvi piblik la finanse yo bay.

An 1974, Kou Siprèm Ameriken an te afime ke lè yo pa asire bonjan opòtinite pou minorite orijin nasyonal ki gen limitasyon nan konpetans pou pale anglè yo patisipe nan oubyen benefisye de pwogram ak sèvis ki jwenn finansman federal yo se yon vyolasyon "Entèdiksyon Diskriminasyon Baze sou Orijin Nasyonal" nan Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 ka ak lòt otorite San Diskriminasyon yo. Dekrè Egzekitif 13166 ak enstriksyon korespondan sou aplikasyon Depatman Jistis Etazini (US DOJ) ak Depatman Transpò Etazini (US DOT) dekri egzijans epi bay direktiv konsènan entèdiksyon Tit VI kont diskriminasyon orijin nasyonal kont moun LEP yo. Dekrè Egzekitif 13166, ki te siyen an 2000 la, egzije pou moun k ap resevwa lajan federal yo:

- Egzamine pwogram, aktivite ak sèvis yo bay,
- Idantifye bezwen espesifik pou bay aksè siyifikatif pou moun LEP, epi
- Aplike yon pwogram oswa yon sistèm pou asire aksè enpòtan nan pwogram, aktivite ak sèvis sa yo.

Komin Orange te fè yon Oto-Evalyasyon epi li devlope yon Plan Konpetans Anglè Limite ki baze sou konsèy federal ki aplikab. Konfòm ak gid sa a, Oto-evalyasyon Komin Orange nan Pati A nan Plan sa a gen ladan yon evalyasyon "kat faktè" nan:

- Enfòmasyon demografik ki enpòtan pou Komin Orange,
- Frekans kontak Minisipalite a genyen ak moun LEP yo,
- Nati ak enpòtans pwogram ak sèvis yo jije enpòtan, epi
- Resous ak depans ki asosye pou bay sèvis LEP.

Sèvi ak rezilta Oto-evalyasyon an, Minisipalite a te devlope yon Plan Asistans Lang (Pati B Plan Konpetans Angle Limite). Plan Asistans Lang lan idantifye bezwen LEP ak resous ki disponib pou bay aksè siyifikatif nan pwogram, aktivite, ak sèvis epi li note efò aktyèl Minisipalite a ap fè pou bay aksè enpòtan.

Sa fè pati de règleman Konsèy Komisyonè Komin Orange (BCC) a, pou Minisipalite a “pwoteje dwa ak opòtinite tout moun pou yo pa sibi ankenn fòm diskriminasyon, sa enkli diskriminasyon ki baze sou orijin nasyonal.” Se règleman BCC tou pou asire ke moun ki gen konpetans limite nan anglè yo pa fè diskriminasyon kont oswa yo pa refize opòtinite pou jwenn aksè ak patisipasyon nan pwogram, sèvis ak aktivite Minisipalite a.

Objektif

Plan Konpetans Angle Limite Komin Orange a dwe aplike espesyalman pou Moun ki gen Konpetans Angle Limite jan yo defini pi ba a.

Definisyon

- **Ekip Bileng:** Moun ki pale de lang kouramman, sa enkli moun ki pale byen nan tèminoloji ajans yo e ki donk kapab fè biznis nan espas travay yo nan tou de lang yo.
- **Tradiktè Konpetan:** Moun ki genyen konpetans nan bay enfòmasyon lengwistik, kiltirèl, reyalite ak teknik nan ranplasman tèks ekri ki soti nan yon lang (lang sous) an yon tèks ekri ekivalan oswa ki pi byen matche nan yon lòt lang (lang sib).
- **Entèpretasyon:** Lè on moun ap koute yon bagay nan yon lang (lang sous) epi tradui li aloral nan yon lòt lang (lang sib).
- **Moun ki gen Konpetans Limite nan Anglè:** Moun ki pa pale angle kòm lang prensipal yo epi ki gen yon kapasite limite pou li, ekri, pale, oswa konprann angle epi ki gen dwa pou jwenn asistans nan lang konsènan yon kalite sèvis patikilye, benefis, oswa rankont..¹

¹ Depatman Jistis, “Gid pou moun ki resevwa asistans finansye federal konsènan Entèdiksyon Tit VI kont diskriminasyon orijin nasyonal ki afekte moun ki gen konpetans limite nan lang anglè,” Federal Register, Vol. 67, Nimewo 117, 18 jen 2002, (Gid DOJ) p. 41459.

- Moun Kap resevwa: Yo konsidere antite, ki gen ladan gouvènman lokal yo, ki resevwa asistans finansye federal, tankou sibvansyon, fòmasyon, itilizasyon ekipman, don bagay ki gen anplis, ak lòt asistans.²
- Sou-destinatè: Antite ki resevwa lajan federal nan men yon moun k ap resevwa epi ki sijè a egzijans Tit VI.
- Tradiksyon: Ranplasman yon tèks ekri soti nan yon lang (lang sous) an yon ekivalan oswa yon jan ki pi byen mache tèks ekri nan yon lòt lang (lang sib).³
- Dokiman Vital: Egzanp dokiman enpòtan yo enkli fòm konsantman ak plent; avi sou dwa ak aksyon disiplinè; avi ki fè moun LEP yo konnen disponiblite asistans lang gratis; tèks ekri ki evalye konpetans pou yon lisans patikilye, travay, oswa konpetans ki p egzije ke on moun pale anglè; ak aplikasyon pou patisipe nan yon pwogram oswa aktivite oswa pou resevwa benefis oswa sèvis.⁴ US DOJ prevwa tou ke dokiman enpòtan yo dwe tradui lè yon kantite oswa yon pousantaj siyifikatif nan popilasyon an ki elijib pou resevwa sèvis, oswa ki gen anpil chans pou yo afekte dirèkteman pa pwogram/aktivite a, bezwen sèvis oswa enfòmasyon nan yon lang ki pa anglè pou kominike yon fason ki efikas
- Entèprèt konpetan: Moun ki genyen konpetans nan tandè ak konprann enfòmasyon lengwistik, kiltirèl, reyalite ak teknik nan yon lang (lang sous) epi tradwi oralman enfòmasyon sa yo nan yon lòt lang (lang sib) ak konpetans nan transmèt enfòmasyon lengwistik, kiltirèl, reyalite ak teknik nan lang sib la.

Anplwaye ki Deziyen Kòm Koòdonatè

Komin Orange te deziyen Ricardo Daye, Direktè Depatman Resous Imèn Minisipalite a, kòm Koòdonatè Tit VI/ San Diskriminasyon epi kòm moun ki responsab pou sipèvizyon ak aplikasyon Plan Konpetans Angle Limite a; enfòmasyon aktyèl la moun sa a note imedyatman anba a. Responsablite yo enkli kowòdone epi fasilite livrezon sèvis konèks yo, fòmasyon anplwaye sou règleman ak pwosedi Plan an, ak siveyans kontinyèl epi evalyasyon efikasite Plan an.

Ricardo Daye, Direktè Depatman Resous Imèn
Koòdonatè Tit VI/ San Diskriminasyon

² DOJ Guidance, p. 41459.

³ DOJ Guidance, p. 41463.

⁴ DOJ Guidance, p. 41463.

Gouvènman Komin Orange
450 E. South Street
Orlando, Florida 32801
(407) 836-5825
Access@ocfl.net

Pwosedì pou Pote plent

Minisipalite a te etabli yon pwosedì san diskriminasyon epi li pral poze aksyon rapid ki rezonab pou envestige epi elimine diskriminasyon lè yo jwenn li. Nenpòt moun ki kwè ke li te sibi diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj, andikap, relijyon, revni oswa sitiyasyon fanmi nan nenpòt pwogram, sèvis, oswa aktivite Minisipalite a ka depoze yon plent bay Kòdonatè Tit VI/ San Diskriminasyon Minisipalite a alekri nan Resous Imèn Komin Orange, 450 E. South Street, Orlando, FL 32801, an pèsòn, oswa pa lapòs Etazini.

Plent alekri a ta dwe genyen idantite moun ki pote plent lan, baz akizasyon yo, ak yon deskripsyon swadizan diskriminasyon an ak dat ensidan an. Daprè Oto-Evalyasyon an, yo dwe bay fòmilè plent Tit VI Komin Orange an anglè, kreyòl ayisyen ak espanyòl.

Kòdonatè Tit VI/ San Diskriminasyon an ap reponn plent lan nan trant (30) jou epi l ap pran mezi rezonab pou rezoud pwoblèm nan. Si Minisipalite a pa kapab rezoud plent lan yon fason ki satisfèzan, Kòdonatè Tit VI/ San Diskriminasyon an ap voye plent lan, ansanm ak dosye sou dispozisyon li, bay otorite federal ak/oswa otorite eta ki apwopriye pou plis pwosesis.

Pou moun ki fè pati yon gwoup Konpetans Angle Limite ki rankontre regilyèman, dapre Oto-Evalyasyon nan Pati A, Minisipalite a dwe bay yon notifikasyon alekri sou opòtinite pou depoze yon plent diskriminasyon an akò ak règleman federal nan www.ocfl.net.


Pou gwoup ki pa souvan rankontre yo, yo ka avize moun LEP yo oralman sou opòtinite pou yo depoze yon plent diskriminasyon dapre règleman federal yo.

Pati A: Oto-Evalyasyon

Daprè Dekrè Egzekitif 13166 ak enstriksyon pou mete an aplikasyon, Komin Orange oblije pran dispozisyon rezonab pou asire moun LEP yo gen aksè enpòtan nan pwogram ak aktivite yo. Oryantasyon DOJ bay kat (4) faktè ke ajans benefisyè yo ta dwe konsidere epi balanse pou detèmine limit obligasyon yo genyen pou bay sèvis LEP.⁵

Seksyon sa a dekri rezilta yon evalyasyon sou fason Komin Orange idantifye epi adrese kondisyon pou popilasyon LEP yo baze sou kat faktè US DOJ, ke yo montre nan Figure 1.

Figure 1. Kat Faktè DOJ yo pou Oto-Evalyasyon



Kantite/Pwopòsyon Moun LEP ki jwenn sèvis

Yo te itilize done resansman ameriken pou idantifye popilasyon LEP nan Minisipalite. Pou rezon analiz la, yon moun ki pa pale Anglè Byen "Limited English Proficient" se kategori resansman "Speaks English less than very well." Jan yo montre li nan Tab 1 ak Tab 2, moun LEP yo reprezante 13.0 pousan nan popilasyon Minisipalite a, ak pi gwo pwopòsyon ki pale Espanyòl oswa Espanyòl-Kreyòl (9.4 pousan nan popilasyon total Minisipalite a). Lòt popilasyon LEP ki enpòtan yo pale kreyòl ayisyen, lòt lang endo-ewopeyen (tankou Pòtigè), Vyetnamyen, Chinwa ak Tagalog.

⁵ DOJ Guidance, p. 41459 - 41461.

Tab 1. Popilasyon Limite Konpetans Angle nan Komin Orange

Total Popilasyon Minisipalite a (5 ane ak plis)	Popilasyon Limite Konpetans Angle	Pousantaj nan popilasyon limite nan konpetans anglè
1,349,746	175,849	13.0%

sous: 2015 -2019 5-Year American Community Survey (Table C16001).

Tab 2. Konpetans angle limite pa lang ke yo pale

Lang ke yo Pale	Moun ki pale angle mwens ke trè byen	Pousantaj moun ki pale anglè mwens ke trè byen (konpare ak popilasyon total LEP)	Pousantaj moun ki pale anglè mwens ke trè byen (konpare ak popilasyon total minisipalite a)
Espanyòl oubyen Espanyòl kreyòl	126,847	72.1%	9.4%
Franè, Ayisyen, oubyen Kreyòl Kajun	17,079	9.7%	1.3%
Lòt lang endo-ewopeyen*	12,036	6.8%	0.9%
vyetnamyen	5,761	3.3%	0.4%
Chinwa (enkli mandaren, kantonèz)	5,331	3.0%	0.4%
Tagalòg (enkli filipin)	2,432	1.4%	0.2%
Lòt lang yo	6,363	3.6%	0.5%
Total	175,849	100.0%	13.0%

sous: 2015 -2019 5-Year American Community Survey (Table C16001).

*Dapre Sondaj Kominote Ameriken pou 1 An 2019 la (Tablo B16001), 6,764 moun pale Pòtigè lakay yo epi yo pale anglè "mwens ke trè byen (n=1,309,758), oswa 0.5% lè yo konpare ak Popilasyon Total Minisipalite a. Kategori lang sa a pa t disponib nan estimasyon 5 ane yo.

Yo montre kote popilasyon LEP yo ye nan Komin Orange nan pati Figi 2 resansman an.

Figi 3 epi Figi 4 la montre popilasyon LEP ki pale espanyòl ak popilasyon ki pale kreyòl ayisyen, respektivman.

Pwopòsyon ki pi wo nan LEP ki pale espanyòl la, plis pase 20 pousan, sitiye nan lwès ak nan nò Ayewopò Entènasyonal Orlando ak nan sidwès anba lavil Orlando toupre Florida Turnpike. Lòt popilasyon LEP ki pale espanyòl la twouve yo nan lès anba lavil Orlando, Ocoee, Winter Garden ak Apopka. Pandan ke zòn fwontyè Minisipalite a, tankou Apopka ak kwen sidès Minisipalite a, gen popilasyon ki pale Espanyòl, li ta dwe remake ke zòn sa yo pa gen anpil moun. Idantifikasyon popilasyon LEP ki pale Espanyòl pou sansibilizasyon ak angajman ta dwe konsantre sou zòn rezidansyèl nan kominote ki pa gen anpil moun tankou Apopka ak Lake Mary Jane.

Pwopòsyon ki pi wo nan moun ki pale kreyòl ayisyen LEP (plis pase 2.0 pousan) sitiye nan nòdwès Orlando nan Pine Hills, Clarcona, ak East Ocoee. Lòt popilasyon LEP ki pale kreyòl ayisyen nan sidwès Orlando ak kominote ki toupre yo, tankou Oak Ridge, Sky Lake, Pine Castle, Taft, ak Southchase.

Gid federal la defini yon "safe harbor" pou konfòmite ak direktiv konsènan pwovizyon tradiksyon alekri kòm "bay tradiksyon ekri pou chak gwoup lang LEP ki elijib ki reprezante senk pousan oswa 1,000, kèlkeswa sa ki pi piti a, nan popilasyon moun ki elijib pou yo sèvi oswa ki gen anpil chans. yo dwe afekte oubyen rankontre."⁶ Paske popilasyon LEP Espanyòl oswa Espanyòl-Kreyòl Minisipalite a depase senk pousan nan popilasyon total Minisipalite a, Minisipalite a gen opsyon pou l tradui tout dokiman enpòtan yo an Espanyòl kòm yon "safe harbor" pou konfòme li ak obligasyon tradiksyon anba Tit VI. Yo ta dwe konsidere lòt popilasyon LEP pou standa sa a si pwogram, aktivite oswa sèvis Minisipalite a gen anpil chans pou sèvi yo, afekte oubyen rankontre yo. Dapre konsèy Depatman Transpòtasyon Etazini an, "Yon 'safe harbor' vle di si yon moun k ap resevwa tradiksyon alekri nan sikonstans sa yo, yo pral konsidere aksyon sa yo kòm prèv solid ki montre li respekte obligasyon tradiksyon alekri dapre Tit VI la."⁷

Frekans Kontak ak Moun LEP yo

Yon sondaj entèn kominikasyon enpòtan ki te sikile nan Divizyon Minisipalite yo an Novanm 2021 te kolekte enfòmasyon sou frekans kontak ak moun LEP yo. Sondaj sa a te idantifye frekans kontak Minisipalite a ak moun LEP yo; dokiman enpòtan ki ta dwe tradui; ak kalite aktivite, sèvis,

⁶ DOJ Guidance, p. 41464.

⁷ Depatman Transpò, "Policy Guidance Concerning Recipients' Responsibilities to Limited English Proficiency Persons," Federal Register, Vol. 70, nimewo 239, 14 desanm 2005., <https://www.govinfo.gov/content/pkg/FR-2005-12-14/html/05-23972.htm>.


oswa pwogram kote gen entèraksyon ak moun LEP yo, oswa yo prevwa sa. Divizyon Minisipalite ki bay plis sèvis pou fè fas ak piblik yo rapòte pi gwo frekans kontak ak popilasyon LEP yo.

Pa egzanp, divizyon tankou Lojman, Sèvis Jèn ak Fanmi, ak Ranfòsman Kòd rapòte entèraksyon souvan/chak jou ak moun LEP yo, pandan Jesyon Dlo Lapli, Biwo Egzaminatè Medikal la, ak Divizyon Sèvis Enèji Revni ki ba yo rapòte youn oswa mwens entèraksyon chak ane. Anpil Divizyon rapòte ke yo dirije rezidan yo nan Liy Lang yon twazyèm pati Minisipalite a (atravè 311 oswa 911) lè gen yon baryè lang, yo mande anplwaye entèn bileng entèprete lè sa nesèsè.


Demann pou Entèpretasyon an Ijans ak Demann Ki pa an Ijans

Ant 2019 ak oktòb 2021, Language Line te voye 196 demann pou vèbal ak vityèl.


Figi 2. Pousantaj Popilasyon an ki pa Pale Anglè Byen Daprè Sektè Resansman an.



Figi 3. Pousantaj Popilasyon Panyòl ki pa Pale Angè Byen, ki Pale Espanyòl oswa Espanyòl Kreyòl dapre Sektè Resansman an



Figi 4. Pousantaj Popilasyon Fransè, Ayisyen ak Kreyòl ki pa Pale Anglè Byen, ki Pale Fransè, Ayisyen ak Kreyòl Daprè Sektè Resansman an



sèvis entèpretasyon. Lang yo te mande yo se te Esanyòl, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, Arab, ak Vyetnam. Ant janvye 2019 ak mitan mwa desanm 2021, Depatman Sekou Ponpye te voye 634,365 apèl antran (ijans ak non-ijans) nan sant kominikasyon an, pami yo 6,690 apèl, oswa 1,05 pousan, te mande asistans entèpretasyon. Volim asistans entèpretasyon an te ogmante yon ti kras nan peryòd rapò anvan 2016 pou rive 2019, pandan 0.84 pousan nan apèl yo te mande asistans nan lang.

Popilasyon LEP ki pale Espanyòl la gen anpil chans pou se popilasyon LEP ke yo pi souvan rankontre, men tout Divizyon Minisipalite yo ak anplwaye yo dwe fè revizyon apwopriye pou pwogram, sèvis, ak aktivite pou idantifye lòt popilasyon LEP kote yo bezwen asistans nan lang. Pa egzanp, popilasyon LEP kreyòl ayisyen yo konsantre nan sèten pati nan Minisipalite a epi yo ka bezwen èd lang pou pwojè oswa pwogram nan zòn sa yo.

Sit Entènèt Tit VI la

An 2021, te gen yon total de 17,624 klik sou paj wèb Tit VI Minisipalite a, ak 7 klik nan vèsyon an espanyòl nan paj wèb la. Dokiman Règleman Tit VI, Plan, ak Rezolisyon an te louvri 442 fwa.

Pwojè, Sèvis oswa Gid Aktivite Espesifik

Pou yon pwojè spesifik, sèvis, oswa aktivite Minisipalite a fè, Minisipalite a gen dokiman sipò ak fòmasyon pou anplwaye yo ede idantifye popilasyon LEP yo epi asire tradiksyon ak sèvis apwopriye, ki gen ladan sipò atravè tradiksyon Minisipalite a ak kontra sèvis pwofesyonèl entèpretasyon. Pou pifò pwojè, sèvis, ak aktivite, idantifikasyon popilasyon LEP fèt pandan pwosesis idantifikasyon moun ki gen enterè yo, epi yo ta dwe dokimante frekans kontak yo.

Nati oswa Enpòtans Pwogram nan

Pou yon pwojè oswa aktivite spesifik, manadjè pwojè yo dwe detèmine nati ak enpòtans pwogram nan pou popilasyon LEP yo pou detèmine ki sèvis asistans nan lang ki ka bezwen. Dapre Konsèy DOJ, kritè sa a ta dwe itilize pou detèmine si refi oswa reta nan aksè a sèvis oswa enfòmasyon yo ka gen enplikasyon grav oswa menm menase lavi pou moun LEP a. Konsèy DOJ note egzanp diferans ki genyen nan konsekans ant kominike dwa bay yon moun yo arete olye de bay pwogram lwazi.⁸

Yon sondaj entèn kominikasyon enpòtan ki te sikile nan Divizyon Minisipalite yo an Me 2021 ak Novanm 2021 te mande enfòmasyon sou pwogram divizyon ak sèvis ki gen rapò ak popilasyon

⁸ DOJ Guidance, p. 41460.

LEP yo. Divizyon Minisipalite ki gen plis travay e ki fè fas ak piblik la e ki gen rankont pi souvan ak popilasyon LEP yo te endike plis bezwen pou dokiman enpòtan yo nan lòt lang. Depatman endividyèl yo rapòte kalite pwogram, aktivite ak sèvis ki ka mande tradiksyon dokiman enpòtan oswa entèprèt:

- Liy Lang pou moun ki rele 911 ak 311
- Aplikasyon pou pèmi bilding ak inondasyon ak enspeksyon
- Asistans pou lojman, asistans enèji, ak pwogram asistans prè
- Sèvis ranfòsman Kòd
- Koleksyon fatra bò twotwa
- Sipò sèvis kliyan nan divizyon espesifik (Kontwòl moustik, dechè solid, dlo, dlo lapli, lojman, sèvis piblik)
- Rapò egzamen Egzaminatè Medikal yo
- Pwogram Asistans Etranje Kriminèl Eta a
- Pwogram Sèvis Jèn ak Fanmi, ki gen ladan swen adoptif, swen lojman pou sanzabri, ak sèvis konsèy
- Edikasyon piblik ak pwogram ankourajman, tankou Pwogram Konsèvasyon ak Re-itilizasyon Dlo

Gid Pwojè, Sèvis oswa Aktivite Espesifik

Sou yon pwojè oswa aktivite espesifik, manadjè pwojè yo dwe detèmine nati ak enpòtans pwogram nan pou popilasyon LEP yo pou gide sèvis asistans lang la. Yo ta dwe itilize kritè sa a pou detèmine si refi oswa reta nan aksè a sèvis oswa enfòmasyon yo ka gen konsekans grav oswa menm ki menase lavi moun LEP a. Minisipalite a gen dokiman sipò ak fòmasyon pou anplwaye yo pou ede asire tradiksyon ak sèvis apwopriye, sa enkli sipò atravè kontra sèvis pwofesyonèl tradiksyon ak entèpretasyon Minisipalite a.

Resous ki Disponib

Rezilta sondaj 2021 sou kominikasyon entèn enpòtan yo te demontre efò Minisipalite a ap fè pou bay moun LEP yo bonjan aksè pandan yap itilize plizyè zouti, jan sa montre nan Tab 3. Yo bay tout Divizyon Minisipalite yo kat "I Speak" ("Mwen pale") enprime ak 46 lang diferan, epi anplwaye yo gen pwosedi sou fason pou itilize kat yo pou ede moun LEP yo. Kèk Divizyon itilize sèvis 311 Minisipalite a pou entèpretasyon lang lè y ap

rankontre moun LEP.

Sepandan, sondaj yo te jwenn zouti sa yo te aplike yon fason ki pa konsistan atravè Divizyon, epi repons yo mande yon revizyon adisyonèl pou evalye fason Divizyon yo itilize sèvis oswa resous ke yo idantifye nan Plan Asistans Lang 2019 Minisipalite a. Dizwit Divizyon Komin Orange te rapòte ke gen resous ki disponib pou moun LEP yo. Dis Divizyon te rapòte ke yo pa t gen resous LEP ki disponib. Minisipalite a ap swiv pou detèmine poukisa kèk Divizyon te rapòte ke pa gen resous LEP ki disponib epi bay anplwaye fòmasyon apwopriye sou resous LEP Minisipalite a pou ede moun LEP yo. Minisipalite a dwe amelyore tou dokimantasyon sou kalite dokiman yo tradui atravè Divizyon yo ak bezwen fòmasyon potansyèl anplwaye bileng yo pou yo kapab vin tradiktè konpetan.

Tab 3. Resous Sèvis pou Èd nan Lang ki te Rapòte pou Moun LEP yo

Resous ak Materyèl	Deskripsyon	Pri ki asosye
Sèvis Entèpretasyon Language Line	Sèvis entèprèt ki soti nan yon konpayi deyò pou apèl ijans (911) ak apèl ki pa ijans (311).	\$65,000 (2019 – Okt 2021)
Sèvis Kliyantèl Anplwaye Entèn ak moun ki bileng	Sèvis entèprèt anplwaye entèn yo selon neseste ki genyen disponib nan sis Divizyon.	Varyab
Sit entènèt	Sit entènèt Minisipalite a disponib an espanyòl	paka detèmine
Deklarasyon kijan pou Jwenn Asistans Lang	Gen kèk rapò Divizyon ki gen ladann yon deklarasyon sou fason pou jwenn asistans lang nan lòt materyèl lang anglè ke yo pataje ak piblik la souvan. Depatman Sèvis piblik yo souvan itilize yon deklarasyon standa. Yo itilize kat "I Speak" tou nan odyans piblik ak evènman yo pou idantifye moun LEP yo.	paka detèmine
Bwochi Edikasyonèl yo	Tradiksyon an espanyòl bwochi edikasyonèl yo varye selon Divizyon an. Tradiksyon an kreyòl ayisyen an minim. Pifò aktyalize solon jan sa nesese. Egzanp bwochi ki tradui yo enkli "Konnen jou awozaj ou yo," ak kèk pwogram ankourajman.	Varyab
Bwochi Pwogram Sèvis yo	Tradiksyon espanyòl bwochi Pwogram Sèvis yo varye selon Divizyon. Pa gen tradiksyon an Kreyòl Ayisyen. Pifò aktyalize solon jan sa nesese.	Varyab
Jounal Aktivite/Evènman	Divizyon yo rapòte minimòm tradiksyon bilten aktivite ak evènman an panyòl. Yo pa rapòte ankenn tradiksyon an kreyòl ayisyen.	Varyab

Resous ak Materyèl	Deskripsyon	Pri ki asosye
Avi Reyinyon Piblik yo	Divizyon rapòte yon melanj de tradiksyon sou yon baz jan sa nesèsè e anpil rapòte ke yo pa tradui kalite avi sa yo.	Varyab
Kominike pou laprès oswa Anons	Kalite anons ki tradui yo enkli avi jeneral sou konstriksyon kote rezidan endividyèl yo pral afekte pa pwojè minisipalite yo. Yo tradui avi sa yo an espanyòl ak an kreyòl ayisyen selon jan sa nesèsè.	Varyab
Materyèl Ekri ki gen rapò ak Dwa Endividyèl yo	Pifò nan materyèl sa yo pa tradui, eksepte nan Sèvis Jèn ak Fanmi ak Lojman sou yon baz jan sa nesèsè.	Varyab
